

Kettering Health pran angajman pou ranpli kondisyon bezwen swen sante kominote nou an atravè ministè gerizon fizik, mantal, epi espirityèl. Tout pasyan, kèlkeswa ras, kwayans, sèks, laj, orijin nasyonal oswa estati finansye, kapab aplike pou asistans finansye.

**Asistans Finansye Disponib:** Ou kapab an mezi jwenn asistans finansye si ou pa genyen asirans, mal asire, oswa si ta genyen difikilte finansye pou peye an plen depans k ap soti nan pòch ou pou ijans ak lòt swen medikal nesèsè Kettering Health bay.

**Kalifikasyon:** Kettering Healthbay asistans finansye sou baz bezwen. Pou detèmine bezwen, nou revize rantrè fwaye ou a epi konpare li ak gid Federal Poverty Level (Nivo Povrete Federal) U.S. Department of Health and Human Services tabli a. Nou revize tou kantite chaj ou genyen sou kont ou. Ou kapab pa an mezi pou asistans finansye si ou genyen yon kouvèti asirans ki sifizan, oswa nou detèmine si rantrè w la sifizan pou peye pou swen sante.

**Yo Ofri Asistans Finansye:** Si ou menm ak/oswa pati ki responsab peman te konbine revni ki egal ak oswa mwens pase 250 pousan gid povrete federal la, ou p ap en okenn responsablite finansye pou swen Kettering Health bay yo. Si ou tonbe ant 252 pousan ak 400 pousan nan gid la, ou kapab kalifye pou to rabè pou swen nou yo.

**Pwosesis Aplikasyon an:** Pou aplike pou asistans finansye, ranpli aplikasyon ki disponib la nan nenpòt depatman enskripsyon lopital nou yo nan lis anba a oswa vizite [ketteringhealth.org/financial](http://ketteringhealth.org/financial). Retounen aplikasyon ki ranpli an ansanm ak prèv revni ki kapab enkli fich peman oswa lòt dokiman ki genyen enfòmasyon sou lajan ou rantrè pou peryòd tan apwopriye a (3 swa 12 mwa anvan sèvis ospitalye yo). Aplikasyon ki ranpli a kapab ale

1. Pa lapòs bay Kettering Health Financial Assistance P.O. Box 933310 Cleveland Ohio 44193;
2. Pa faks nan (937)522-9944;
3. Oswa w kapab voye li pa imèl nan [financialcounselors@ketteringhealth.org](mailto:financialcounselors@ketteringhealth.org).

**Frè yo pa dwe Depase Montan yo Jeneralman Takse yo:** Si ou kalifye pou asistans finansye anba politik sa a, Kettering Health p ap chaje plis pou ijans ou genyen ak lòt swen medikal nesèsè pase montan yo jeneralman takse moun ki genyen asirans pou swen konsa. Nan kèk ka, nou kapab pretann ou kalifye pou asistans finansye si ou deja kalifye pou kèk tip nan èd gouvènman bay yo.

**Fason pou Jwenn Kopi Dokiman Asistans Finansye nou yo:** Politik Asistans Finansye nou an ak Fòm Aplikasyon pou Asistans Finansye a disponib gratis sou:

- Sitwèb Kettering Health la nan [ketteringhealth.org/financial](http://ketteringhealth.org/financial);
- Depatman ijans Kettering Health ak zòn enskripsyon yo;
- Poste oswa voye imel bay yon konseye finansye ([financialcounselors@ketteringhealth.org](mailto:financialcounselors@ketteringhealth.org)).

**Kettering Health la pou ou.** Si w gen nenpòt kesyon sou politik aplikasyon, oswa pwogram peman ki disponib yo, tanpri rele lopital kote w gen randevou a oswa resevwa swen nan nimewo telefòn ki nan lis anba a, oubyen Sèvis Kliyantèl la nan (866) 319-2981.

Kettering Health Behavioral  
Medical Center  
5350 Lamme Rd.  
Moraine, OH 45439  
(937) 384-8774

Kettering Health Dayton  
405 W. Grand Ave.  
Dayton, OH 45405  
(937) 723-3237

Kettering Health Greene  
Memorial  
1161 N. Monroe Dr.  
Xenia OH 45385  
(937) 352-2201

Kettering Health Hamilton  
630 Eaton Ave.  
Hamilton, OH 45013  
(513) 867-2301

Kettering Health Huber  
8701 Old Troy Pike  
Huber Heights, OH 45424  
(937) 558-3310

Kettering Health Main Campus  
3535 Southern Blvd.  
Kettering, OH 45429  
(937) 395-8880

Kettering Health Miamisburg  
4000 Miamisburg-Centerville Rd.  
Miamisburg, OH 45342  
(937) 384-8774

Kettering Health Middletown  
6147 West OH-122  
Middletown, OH 45005  
(513) 261-3401

Kettering Health Preble  
450-B Washington-Jackson Rd.  
Eaton, OH 45320  
(937) 456-8380

Kettering Health Springfield  
2100 Emmanuel Way  
Springfield, OH 45502  
(937) 504-8300

Kettering Health Troy  
600 W. Main St.  
Troy, OH 45373  
(937) 980-7001

Kettering Health Washington  
Township  
1997 Miamisburg-Centerville Rd.  
Washington Township, OH 45459  
(937) 401-6215

Soin Medical Center  
3535 Pentagon Blvd.  
Beavercreek, OH 45431  
(937) 702-4875